



POU REZIDAN YO

Konsènan Kat Excelsior a

Kisa Kat Excelsior a ye?

Kat Excelsior ofri prèv vaksinasyon COVID-19 oswa rezilta tè negativ yon fason dijital epi sekirize. Kounye a gen twa kalite Kat:

- Kat Vaksinasyon COVID-19 la (valab pou 180 jou apre yo fin administre dòz final vaksen an, nan moman kote yo ka jwenn yon nouvo Kat)
- Kat Tès PCR COVID-19 la (valab jiska minwi sou twazyèm jou apre yon tè)
- Kat Tès Antijèn COVID-19 la (valab pou 6 èdtan apati moman yon tè)

Menm jan ak yon kat anbakasyon ayeryèn mobil, Nouyòkè yo ka estoke Kat yo yon fason dijital sou smartphones yo oswa enprime yo pou prezante nan biznis ak sit k ap patisipe yo.

Biznis ak sit yo ka itilize Kat Excelsior a pou ede konfòmite avèk direktiv re-ouvèti Eta yo.

Nan moman sa a, yo ka rekipere Kat yo sèlman pou vaksinasyon oswa rezilta tè negativ COVID-19 ke yo te resevwa nan Eta New York.

Kijan mwen ka sèvi ak Kat Excelsior a?

Patisipasyon nan Kat Excelsior a volontè. Si ou chwazi patisipe, ou ka telechaje aplikasyon Bous Kat Excelsior a nan [Apple App Store](#) oswa nan [Google Play Store](#) epi swiv enstriksyon yo pou rekipere Kat ou apre ou pran vaksen ou konplètman oswa apre ou teste negativ pou COVID-19 nan Eta New York.

Altènativman, ou ka rekipere Kat ou nan sit entènèt Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov>. Apati sit entènèt la, ou ka enprime yon Kat papyè, pran yon kapti ekran (screen shot) Kat ou a, sovgade li nan aplikasyon mobil Bous Kat Excelsior ou a oswa sovgade li nan aplikasyon Bous Apple ou a. Plis detay sou rekipere yon Kat disponib nan seksyon "Rekipere yon Kat" nan FAQs (Kesyon yo Poze Souvan yo).

Biznis ak sit k ap patisipe yo pral itilize aplikasyon Scanner Kat Excelsior a pou pwouve ke Kat ou a valab. Yo pral mande w tou pou prezante yon foto ID ki gen non ou ak dat nesans ou pou asire ke w ap itilize yon KAT ki se pou ou.

Granmoun yo ka kenbe Kat yo pou akonpaye minè yo.

Poukisa mwen bezwen Kat Excelsior a?

Excelsior Pass se yon pati nan efò New York pou sipòte re-ouvèti biznis yo epi retou nan plas piblik yo san danje.

Kat Excelsior a se yon fason gratis ak rapid epi an sekirite pou montre prèv vaksinasyon COVID-19 oswa rezilta tè negativ epi se youn pami anpil prekosyon yo, tankou mete mask ak restriksyon kapasite, ke yo mete an plas pou akselere retou nan aktivite yo apre pandemi an.

Kòman yo pwodwi yon Kat?

Kat ou a sèvi kòm prèv vaksinasyon oswa rezilta tè negativ n COVID 19 dijital ou yo epi yo pwodwi li baze sou done founisè ou oswa laboratwa tè ou a bay nan baz done vaksinasyon ak tè COVID-19 sekirize ki soti nan Eta New York ak Vil New York la.

Kèk antite ki pa anba otorite reglemantè Eta New York (pa egzanp, antite federal yo, premye jiridiksyon nasyon yo ak jiridiksyon ki andeyò Eta New York) ka pa rapòte nan sistèm sa yo, sa ki ka fè yon Kat pa disponib nan moman sa a.

Èske li obligatwa pou mwen itilize Kat Excelsior a?

Non. Patisipasyon nan Kat Excelsior a volontè. Sepandan, Kat Excelsior a se yon fason gratis ak rapid epi an sekirite pou prezante prèv vaksinasyon COVID-19 oswa rezilta tès negatif ou yo nan biznis ki ka egzije li nan kad direktiv re-ouvèti Eta oswa pou lòt rezon.

Konbyen li koute pou itilize Kat Excelsior a?

Kat Excelsior a gratis.

Sèvi ak Kat Excelsior a

Kijan Nouyòkè yo ki pa gen yon smartphone oswa aksè ak entènèt ka bay prèv vaksinasyon oswa rezilta tès negatif yo?

Patisipasyon Kat Excelsior a volontè epi li fèt enklizifman pou tout Nouyòkè yo, kèlkeswa aksè ak yon smartphone. Ou ka fasilman enprime yon Kat papyè atravè sit entènèt Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov>.

Nouyòkè yo kapab montre tou yon lòt prèv vaksinasyon COVID-19 oswa rezilta tès negatif, tankou yon lòt aplikasyon mobil oswa sou fòm papyè, dirèkteman nan yon biznis oswa nan yon sit.

Kisa mwen ka atann lè mwen itilize Kat Excelsior a nan yon biznis k ap patisipe?

Lè ou vizite yon biznis oswa yon sit ki aksepte Kat Excelsior a, yo pral eskane Kòd QR ki sou Kat ou a avèk aplikasyon Scanner Kat Excelsior a pou asire ke Kat ou a valab. Pou adil ki gen laj 18+ ane, yo dwe prezante yon foto Idantite ki koresponn ak non ak dat nesans yo ansanm ak chak Kat inik. Granmoun yo ka kenbe Kat yo pou akonpaye minè yo.

Yon fwa ou menm ak pati ou a antre nan yon etablisman, tanpri sonje swiv konsèy eta ak CDC a konsènan distans sosyal, kouvèti figi ak ijyèn men.

Kijan mwen ka prezante Kat mwen an?

Ou ka prezante Kat ou sou smartphone ou atravè yon foto, aplikasyon Bous Kat Excelsior a oswa aplikasyon Bous Apple la. Ou ka enprime yon Kat papyè sou sit entènèt Kat Excelsior a epi prezante vèsyon enprime a.

Èske mwen ka itilize yon sèl Kat nan plizyè kote?

Wi. Ou ka itilize Kat ou toutotan li rete aktif, nan tout kote ke ou ta renmen. Sepandan, yon fwa ke yon Kat ekspire, yo pa pral aksepte li ankò nan biznis oswa sit k ap patisipe yo.

Après yon Kat ekspire, ou pral bezwen swiv kondisyon yo pou rekipere yon nouvo Kat, ki ka gen ladan tès adisyonèl.

Poukisa mwen ka itilize yon Kat nan Bous Kat Excelsior a olye mwen itilize yon Kat an papyè?

Ajoute yon Kant nan Bous Kat Excelsior ou a pèmèt ou rekipere li byen vit ak byen fasil sou smartphone ou nan moman ke w ap antre nan yon biznis oswa nan yon sit. Sepandan, ou ka kaptire ekran Kat ou a tou sovgade li nan Bous Apple ou a oswa enprime li sou sit entènèt Kat Excelsior epi montre kopi fizik la nan biznis la oswa nan sit la.

Èske mwen ka montre pas pou plis pase yon moun sou menm aparèy la?

Wi, yo ka estoke plizyè Kat pou granmoun ak minè ki akonpaye yo sou menm aparèy la. Pou adil ki gen laj 18+ ane, yo dwe prezante yon foto Idantite ki koresponn ak non ak dat nesans yo ansanm ak chak Kat inik. Granmoun yo ka kenbe Kat yo pou akonpaye minè yo.

Èske mwen ka montre plis pase yon tip Kat sou menm aparèy la?

Wi. Ou ka estoke oswa montre nenpòt nan tip Kat sa yo sou menm aparèy la:

- Kat Vaksinasyon COVID-19 la
- Kat Tès COVID-19 la
- Kat Tès Antijèn COVID-19 la

Pou konbyen tan mwen pral oblije itilize Kat mwen an? Èske li pral ekspire? Gen twa kalite Kat ki gen diferan dire valide.

Kat Vaksinasyon COVID-19 yo valid pou 180 jou kounye a apre yo fin administre dòz final vaksen an. Aprè kat la ekspire, ou ka rekipere yon nouvo Kat sou sit entènèt Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov>.

Kat Tès PCR COVID-19 la valab jiska minwi sou twazyèm jou apre tès ou an. Aprè Kat Tès PCR COVID-19 ou a ekspire, yon nouvo tès obligatwa pou rekipere yon nouvo Kat.

Kat Tès Antijèn COVID-19 la valab pou 6 zèdtan apre tès ou an. Aprè Kat Tès Antijèn COVID-19 ou a ekspire, yon nouvo tès obligatwa pou rekipere yon nouvo Kat.

Kat mwen an ekspire. Èske mwen ka jwenn yon lòt?

COVID-19 se yon maladi ki kontajye anpil. Etandone prezans kontinyèl transmisyon COVID-19 la nan New York, Kat yo sèlman valab pou yon ti tan pou pwoteje sante tout moun. Aprè yon Kat ekspire, ou pral bezwen swiv kondisyon yo pou rekipere yon nouvo Kat.

Kat Vaksinasyon COVID-19 yo valid pou 180 jou kounye a apre yo fin administre dòz final vaksen an. Aprè kat la ekspire, ou ka rekipere yon nouvo Kat sou sit entènèt Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov>.

Kat Tès PCR COVID-19 la valab jiska minwi sou twazyèm jou apre tès ou an. Aprè Kat Tès PCR COVID-19 ou a ekspire, yon nouvo tès obligatwa pou rekipere yon nouvo Kat.

Kat Tès Antijèn COVID-19 la valab pou 6 zèdtan apre tès ou an. Aprè Kat Tès Antijèn COVID-19 ou a ekspire, yon nouvo tès obligatwa pou rekipere yon nouvo Kat.

Èske mwen bezwen gen yon smartphone pou montre kat mwen an?

Non. Ou ka fasilman enprime yon Kat papyè atravè sit entènèt Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov>.

Èske mwen ka itilize Kat Excelsior a nan lòt eta ki pa New York?

Kounye a, Kat Excelsior sèlman akseptab nan New York.

Rekipere yon Kat

Ki enfòmasyon mwen bezwen bay pou rekipere kat mwen an?

Pou rekipere Kat ou a, ou pral bezwen bay enfòmasyon pèsonèl debaz, ki gen ladan non ak prenon ou, dat nesans ak kòd postal. Ou pral bezwen verifye idantite ou tou ak twa "kesyon defi" ke repons yo ap inikman pou ou. Ou pral bezwen antre enfòmasyon sa a chak fwa ou rekipere yon Kat.

Mwen gen timoun minè. Èske yo bezwen yon Kat? Kijan yo ka jwenn yon Kat?

Nenpòt moun ki te resevwa yon vaksen COVID-19 oswa rezilta tèst negatif nan Eta New York elijib pou yon kat, ki gen ladan timoun yo. Paran yo ka rekipere ak estoke kat yo nan non pitit yo si yo vle.

Èske mwen bezwen enstale yon aplikasyon smartphone pou jwenn yon Kat?

Patisipasyon nan Kat Excelsior a volontè. Pandan ke yon aplikasyon smartphone disponib, li pa obligatwa pou rekipere epi sèvi ak Kat ou a.

Si ou chwazi patisipe ou ka rekipere Kat ou nan sit entènèt Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov>. Apati sit entènèt la, ou ka enprime yon Kat papyè, pran yon kapti ekran (screen shot) Kat ou a, sovgade Kat ou a nan aplikasyon mobil Bous Kat Excelsior ou a oswa sovgade Kat ou a nan aplikasyon Bous Apple ou a.

Èske mwen ka jwenn aksè ak yon Kat si mwen pa yon rezidan New York?

Ou pa bezwen yon rezidan New York pou rekipere yon Kat, sepandan, ou dwe resevwa yon vaksen COVID-19 oswa rezilta tèst negatif nan Eta New York.

Èske mwen ka rekipere yon Kat si yo te teste mwen oswa si mwen pran vaksen an konplètman nan yon tèritwa, peyi oswa jiridikasyon federal ki pa New York?

Poun kounye a, ou dwe resevwa yon vaksen COVID-19 oswa rezilta tèst negatif nan Eta New York pou rekipere yon Kat.

Yo pwodwi Kat ou a baze sou done ki disponi bnan baz done vaksinasyon ak tèst COVID-19 Eta a. Kèk antite ki pa anba otorite reglemantè Eta New York (pa egzanp, antite federal yo, premye jiridiksyon nasyon yo ak jiridiksyon ki andeyò Eta New York) ka pa rapòte nan sistèm sa yo, sa ki ka fè yon Kat pa disponib nan moman sa a.

Si yo te teste ou oswa si ou te pran vaksen konplètman andeyò Vil New York, ou kapab toujou montre yon lòt prèv vaksinasyon COVID-19 oswa rezilta tèst negatif, tankou yon lòt aplikasyon mobil oswa sou fòm papyè, dirèkteman nan yon biznis oswa nan yon sit.

Ki kondisyon tèst ak/oswa vaksinasyon pou rekipere yon Kat?

Ou ka rekipere yon Kat si ou pa teste pozitif pou COVID-19 nan 10 dènye jou yo epi,

- Ou te pran vaksen konplètman nan Eta New York epi deja gen 15 jou oswa plis ki pase depi ou te pran vaksen final ou a, OSWA
- Ou te fè yon tèst PCR nan Eta New York nan 3 dènye jou yo epi rezilta a te negatif, OSWA
- Ou te fè yon tèst antijèn nan Eta New York nan 6 dènye jou yo epi rezilta a te negatif, OSWA

Pou rekipere yon Kat Vaksinasyon COVID-19, vaksen ou te resevwa a dwe otorize pa FDA, ki gen ladan sa yo ki soti nan Pfizer-BioNTech, Moderna, ak Johnson & Johnson/Janssen. Ou ka rekipere Kat Vaksinasyon COVID-19 yo 15 jou apre yo fin administre dòz final vaksen an. Li nesèsè pou pran dòz nan yon entèval 3-4 semèn pou vaksen Pfizer-BioNTech ak Moderna, epi yo egzije yon sèl dòz pou vaksen Johnson & Johnson/Janssen lan. Si ou pa kapab rekipere Kat Vaksinasyon COVID-19 ou a 15 jou apre dòz vaksen final ou a, tanpri asire ke enfòmasyon w ap antre a koresponn ak non ou ak done ki nan dokiman vaksen ou an epi eseye ankò pita.

Kat Tès PCR pou COVID-19 yo ak Kat Tès Antijèn COVID-19 yo tipikman disponib nan kèk èdtan apre ou resevwa rezilta tèst negatif nan men founisè oswa laboratwa ou a. Si ou pa kapab rekipere Kat Tès COVID-19 ou a oswa Kat Tès Antijèn COVID-19 ou apre ou fin resevwa rezilta tèst ou a,

tanpri asire ke enfòmasyon w ap antre a koresponn ak non ou ak done ki nan dokiman rezilta ou an epi eseye ankò pita.

Èske mwen ka rekipere yon Kat si mwen te fè yon tès PCR?

Wi, si tès PCR ou te fèt nan New York, epi yo te administre li nan espas 3 jou apre ou ap eseye rekipere Kat ou ak rezilta ou yo te vin jwenn ou negatif.

Kat yo tipikman disponib nan kèk èdtan apre ou resevwa rezilta tès negatif nan men founisè oswa laboratwa ou a. Si ou pa kapab rekipere Kat Tès pou PCR COVID-19 ou a apre ou fin resevwa rezilta tès ou a, tanpri asire ke enfòmasyon w ap antre a koresponn ak non ou ak done ki nan dokiman rezilta ou an epi eseye ankò pita.

Èske mwen ka rekipere yon Kat si mwen te fè yon tès Antijèn?

Wi, si tès Antijèn ou te fèt nan New York, epi yo te administre li nan espas 6 zèdtan apre ou ap eseye rekipere Kat ou ak rezilta ou yo te vin jwenn ou negatif.

Kat yo tipikman disponib nan kèk èdtan apre ou resevwa rezilta tès negatif nan men founisè oswa laboratwa ou a. Si ou pa kapab rekipere Kat Tès Antijèn COVID-19 ou a apre ou fin resevwa rezilta tès ou a, tanpri asire ke enfòmasyon w ap antre a koresponn ak non ou ak done ki nan dokiman rezilta ou an epi eseye ankò pita.

Èske mwen ka rekipere yon Kat si mwen te resevwa yon vaksen COVID-19?

Wi, si ou te resevwa tout dòz obligatwa pou yon vaksen COVID-19 otorize pa FDA epi konplete vaksinasyon ou an nan Eta New York.

Kat Vaksinasyon COVID-19 ou a pral disponib pou ou 15 jou apre dòz final ou an epi li valab pou 180 jou apre yo fin administre dòz final vaksen an. Aprè kat la ekspire, ou ka rekipere yon nouvo Kat sou sit entènèt Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov>.

Si ou pa kapab rekipere Kat Vaksinasyon COVID-19 ou a 15 jou apre dòz vaksen final ou a, tanpri asire ke enfòmasyon w ap antre a koresponn ak non ou ak done ki nan dokiman vaksen ou an epi eseye ankò pita.

Politik yo

Ki diferans ki genyen ant yon tès PCR ak yon tès antijèn?

Selon Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA), tès PCR yo se tès molekilè ki detekte materyèl jenetik viris la, epi tès antijèn yo detekte pwoteyin espesifik ki nan viris la. Li plis konsènan tès nan [Prensip Fondamantal Tès Maladi Kowonaviris 2019](#) FDA yo.

Ki kalite tès mwen bezwen fè?

Yo ka rekipere Kat yo pou alafwa tès PCR pou COVID-19 ak tès Antijèn COVID-19; sepandan, kondisyon vaksinasyon ak/oswa tès yo ka varye selon biznis la oswa sis ou planifye pou vizite a.

Li rekòmande pou ou tcheke avèk biznis oswa sit ou planifye pou vizite a pou konprann kondisyon espesifik antre li yo. Direktiv re-ouvèti jeneral ki baze sou endistri yo disponib nan <https://forward.ny.gov/>.

Ki kote mwen ka fè tès la?

Ou ka jwenn yon sit tès tou pre ou lè ou vizite <https://coronavirus.health.ny.gov/find-test-site-near-you>. Si ou gen kesyon konsènan elijibilite oswa aksè pou fè tès, ou ta dwe rele Liy Dirèk COVID-19 Eta New York la 1-888-364-3065 oswa vizite <https://covid19screening.health.ny.gov>.

Èske mwen ka transfere Kat mwen an bay yon lòt moun?

Non. Kat ou a espesifik ak istorik tès oswa vaksen ou epi ou pa ka transfere li bay yon lòt moun. Lè ou itilize yon Kat, ou oblije montre foto Idantite ki gen non ou ak dat nesans ou a verifye ke ou se mèt Kat la.

Èske mwen ka enprime rezilta tès mwen an olye pou mwen itilize Kat la?

Wi. Si ou prefere sa, ou ka itilize yon rapò laboratwa nan men founisè oswa laboratwa ou kòm yon fòmilè prèv rezilta tès negatif yo.

Èske mwen ka jwenn ranbousman si mwen te achte yon tikè pou yon evènman, men Kat mwen an pa valab?

Règleman ranbousman yo inik ak biznis oswa sit ou ap vizite a. Li rekòmande ke ou konsilte biznis oswa sit la dirèkteman pou sa ki gen pou wè ak règleman ranbousman yo.

Sekirite ak Vi Prive

Èske done mwen prive ak sekirize?

Done ou a prive, sekirize epi sèlman itilize pou rekipere Kat ou yo. Yo pa pral itilize done pèsònèl ou yo pou objektif lavant oswa maketing oswa pataje ak yon twazyèm pati, eksepte nan objektif sèlman pou valide vaksinasyon oswa rezilta tès COVID-19 yo.

Kat Excelsior a ba ou kapasite pou mentni kontwòl done pèsònèl ou ak pataje li nan yon fason ki sekirize, verifyab ak fyab. Kat ou a gen siyati kriptografik ki asire ke li otantik e ke pa gen okenn falsifikasyon done ki fèt.

Si ou chwazi pou ou sèvi ak aplikasyon Bous Kat Excelsior a oswa aplikasyon Bous Apple a, se sèlman Kat ke ou sovgade yo ki pral estoke sou aparèy mobil ou. Ou ka efase Kat yo nenpòt lè.

Èske enfòmasyon sante pèsònèl mwen an ap estoke sou telefòn mwen oswa nan aplikasyon Bous Kat Excelsior a?

Si ou chwazi sèvi ak aplikasyon Bout Kat Excelsior a oswa aplikasyon Bous Apple a, pa gen okenn enfòmasyon sou sante pèsònèl ki estoke sou aparèy ou. Sèl enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl ki sovgade sou Kat ou a se prenon ou, non fanmi ou ak dat nesans ou. Ou ka efase Kat yo nenpòt lè.

Yo pa pral estoke repons pou "kesyon defi" ke yo itilize pou verifye idantite w, se pou rezon sa ou bezwen verifye idantite ou chak fwa ou rekipere yon nouvo Kat.

Lè yo eskane Kat ou a, aplikasyon Scanner Kat Excelsior a kolekte analiz sou ki kalite Kat ak rezilta a nan eskanè a. Yo pa kolekte oswa estoke okenn enfòmasyon pèsònèl ki soti nan Kat la.

Ki enfòmasyon sou sante ke Kat Excelsior ka jwenn aksè ak li?

Lè ou resevwa yon vaksinasyon COVID-19 oswa tès nan Eta New York, Depatman Sante (Department of Health, DOH) resevwa yon kopi dosye ou yo ki soti nan men administratè vaksen ou, founisè oswa laboratwa ou. Lè yo sèvi avèk enfòmasyon ou bay la, Kat Excelsior fè rechèch dosye Depatman Sante pou vaksinasyon COVID-19 ou a oswa rezilta tès negatif COVID-19 epi answit ba ou yon Kat ki montre non ou, dat nesans ou, tip Kat la ak ekspirasyon Kat la. Pa gen lòt enfòmasyon ki aksesib oswa ke yo estoke.

Ki done ke Kat Excelsior a kolekte oswa estoke?

Si ou chwazi pou ou sèvi ak aplikasyon Bous Kat Excelsior a oswa aplikasyon Bous Apple a, se sèlman Kat ke ou sovgade yo ki pral estoke sou aparèy mobil ou. Kat ki estoke yo gen non ou, dat nesans ou, tip Kat la ak dat ekspirasyon Kat la. Ou ka efase Kat yo nenpòt lè.

Yo pa pral estoke repons pou "kesyon defi" ke yo itilize pou verifye idantite w, se pou rezon sa ou bezwen verifye idantite ou chak fwa ou rekipere yon nouvo Kat.

Lè yo eskane Kat ou a, aplikasyon Scanner Kat Excelsior a kolekte analiz sou ki kalite Kat ak rezilta a nan eskanè a. Yo pa kolekte oswa estoke okenn enfòmasyon pèsònèl ki soti nan Kat la.

Èske Kat Excelsior a se yon sous-lib (open source) oswa èske li bati sou teknoloji sous-lib? Non, Kat Excelsior a pa yon sous-lib (open source) ni li pa bati sou teknoloji sous-lib yo?

Sepandan, Kat Excelsior a bati otou estanda lib yo. Sa a se yon distenksyon enpòtan. Sous lib refere a lojisyèl ki gen kòd sous disponib pou yo itilize, modifiye oswa pwolonje libreman. Kòd baz Kat Excelsior a prive e li pa disponib pou okenn devlopè ekstèn. Estanda lib yo refere a espesifikasyon ki dekri kijan yon pati nan yon lojisyèl reyaji avèk lòt aplikasyon oswa lòt sistèm yo. Kat Excelsior a bati ak estanda lib yo nan mezi pou garanti konpatibilite alavni ak lòt kat vaksen oswa ak lòt kat tès yo.

Èske Kat Excelsior a retrase kote mwen ye?

Non. Kat Excelsior a pa retrase kote ou ye.

Ki enfòmasyon pèsònèl biznis yo ka wè lè yo eskane Kat mwen an?

Sèl enfòmasyon biznis oswa sit la ka wè lè yo eskane Kat ou se non ou, dat nesans ou, tip Kat la ak dat ekspirasyon Kat la. Anplis de sa, aplikasyon Scanner Kat Excelsior a pèmèt yon biznis oswa yon sit konnen si Kat ou a valab.

Yon Kat ki valab endike ke swa ou te pran vaksen konplètman kont COVID-19 oswa ke ou te gen yon tès COVID-19 negatif ki resan. Yon Kat ki envalib oswa ekspire pa yon endikasyon ki di ke ou gen COVID-19.

Èske moun ki eskane Kat mwen an kapab sovgade oswa estoke enfòmasyon pèsònèl mwen?

Non. aplikasyon Scanner Kat Excelsior a pa telechaje oswa estoke enfòmasyon ou yo, se pou rezon sa yo dwe eskane Kat ou a ankò si ou ale epi ou retounen nan yon biznis oswa yon sit k ap patisipe.

Kijan mwen ka asire ke pèsonn lòt moun pa ka itilize Kat mwen an?

Yo ka sèlman rekipere Kat ou a lè yo konnen non ou, dat nesans ou, kòd postal, nimewo telefòn ak repons egzat a "kesyon defi" inik ou yo. Biznis oswa sit la pral verifye idantite chak detantè Kat lè yo koresponn non ak dat nesans ki sou Kat la ak yon foto ID.

Èske yo ap avèti eta oswa biznis lokal yo si mwen eseye rekipere yon Kat apre yon rezilta tès pozitif?

Non. Kat Excelsior a pa pataje done ou ak nenpòt moun, epi ou pa ka jwenn yon Kat si ou resevwa yon rezilta tès pozitif.

Èske mwen ka itilize aplikasyon sa a pou mwen wè si yon lòt moun te konplètman pran vaksen an oswa teste negatif?

Non. Kat Excelsior a fèt pou itilizasyon pèsònèl sèlman.

Ki kote mwen ka li Politik sou Konfidansyalite Kat Excelsior a?

Ou ka wè Politik sou Konfidansyalite Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov/privacy>.

Sipò Teknik

Ki kondisyon debaz pou itilize aplikasyon Kat Excelsior a?

Scanner Kat Excelsior a konpatib ak smartphones ak tablèt ki opere iOS 13.0+ oswa Android 7.0+.

Si yo pi pito, Nouyòkè yo kapab jwenn aksè ak Kat pa yo atravè [sit entènè Kat Excelsior a](#) epi enprime yon kopi sou fòm papye.

Èske Kat Excelsior a disponib nan plizyè lang, oswa pou moun ki ka gen kapasite ki afebli pou tande oswa vizyèl?

Aprè premye lansman an Anglè ak Espanyòl, aplikasyon yo pral disponib nan plizyè lang tankou Chinwa tradisyonèl, Ris, Kreyòl Ayisyen, Koreyen ak Bengali. Aplikasyon an te sibi tou nan tès aksesibilite apwofondi pou asire li fasil pou itilize pou moun ki ka gen pwoblèm tande oswa vizyèl

Kisa pou mwen fè si mwen pa ka konnen ki jan pou mwen sèvi ak sit entènè Kat Excelsior a oswa ak aplikasyon Bous Kat Excelsior a?

Si ou gen pwoblèm, tanpri konsilte youn nan gid enstriksyon itil, etap pa etap nou an:

- [Sit entènè Kat Excelsior a](#)
- [Bous Kat Excelsior a pou iOS](#)
- [Bous Kat Excelsior a pou Android](#)

Si ou toujou pa kapab rezoud pwoblèm ou an, ou ka toujou itilize yon lòt fòmilè prèv pou vaksinasyon COVID-19 oswa pou rezilta tès negatif ou yo.

Kijan mwen ka gen aksè ak telechaje Kat Excelsior a?

Ou ka jwenn aksè ak Kat yo nan aplikasyon Bous Kat Excelsior a, oswa atravè sit entènè Kat Excelsior nan <https://epass.ny.gov>. Tou ka telechaje aplikasyon Bous Kat Excelsior a gratis nan [Apple App Store](#) ak nan [Google Play Store](#).

Biznis k ap patisipe yo ka telechaje aplikasyon Scanner Kat Excelsior a gratis nan [Apple App Store](#) oswa nan [Google Play Store](#).

Kisa pou mwen fè si yo pa jwenn rezilta tès PCR oswa antijèn mwen an?

Kat yo disponib sèlman pou moun ki teste negatif yo. Kat yo tipikman disponib nan kèk èdtan apre ou resevwa rezilta tès negatif nan men founisè oswa laboratwa ou a.

Si ou pa kapab rekipere Kat Tès pou PCR COVID-19 ou a apre ou fin resevwa rezilta tès ou a, tanpri asire ke enfòmasyon w ap antre a koresponn ak non ou ak done ki nan dokiman rezilta ou an epi eseye ankò pita. Si ou pa kapab rekipere yon Kat apre plizyè tantativ, ou ka itilize yon lòt fòmilè prèv tès negatif ou a, tankou yon lòt aplikasyon mobil oswa fòmilè an papye.

Kisa pou mwen fè si aplikasyon an di ke Kat Tès PCR pou COVID-19 la oswa Kat Tès Antijèn COVID-19 la deja ekspire?

Ou pral bezwen fè yon lòt tès si Kat pou tès ki pi resan ou an ekspire. Si ou ranpli yon tès PCR nan 3 dènye jou yo oswa yon tès antijèn nan 6 dènye èdtan yo epi ou pa kapab rekipere yon Kat apre plizyè tantativ, ou ka itilize yon lòt fòmilè prèv tès negatif ou a, tankou yon lòt aplikasyon mobil oswa fòmilè an papye. Yo pa pral aksepte Kat ki ekspire nan biznis oswa nan sit yo.

Kisa pou mwen fè si mwen pa ka verifye idantite mwen lè mwen ap chèche Kat mwen an?

Premyèman, asire ke done ke w ap itilize a koresponn ak done ki soti nan dosye vaksinasyon ou oswa rapò laboratwa ou. Si ou pa kapab rekipere yon Kat apre plizyè tantativ, ou ka itilize yon lòt

fòmilè prèv vaksinyasyon COVID-19 ou oswa rezilta tès negatif ou a, tankou yon lòt aplikasyon mobil oswa fòmilè an papye.

Kisa pou mwen fè si yo pa jwenn dosye vaksen mwen an?

Ou ka rekipere yon Kat Vaksinyasyon COVID-19 si:

- Ou pa te teste pozitif pou COVID-19 pandan 10 dènye jou ki sot pase yo; epi
- Ou te pran vaksen konplètman nan Eta New York, epi
- Deja gen 15 jou oswa plis ki pase depi ou te pran vaksen final ou a

Vaksen ou te resevwa a dwe otorize pa FDA a. Kounye a vaksen yo ki otorize pa FDA gen ladan sa yo ki soti nan Pfizer-BioNTech, Moderna, ak Johnson & Johnson/Janssen. Vaksinyasyon COVID-19 Li nesèsè pou pran dòz nan yon entèval 3-4 semèn pou vaksen Pfizer-BioNTech ak Moderna, epi yo egzije yon sèl dòz pou vaksen Johnson & Johnson/Janssen lan.

Si ou ranpli kondisyon yo, asire ke enfòmasyon ou ap antre a koresponn ak done ki nan dosye vaksinyasyon ou an. Si ou pa kapab rekipere yon Kat apre plizyè tantativ, ou ka itilize yon lòt fòmilè prèv vaksinyasyon COVID-19 ou a, tankou yon lòt aplikasyon mobil oswa fòmilè an papye.

Kisa pou mwen fè si Kat mwen an ekspire?

Gen twa kalite Kat ki gen diferan dire validite.

Kat Vaksinyasyon COVID-19 yo valid pou 180 jou kounye a apre yo fin administre dòz final vaksen an. Aprè kat la ekspire, ou ka rekipere yon nouvo Kat sou sit entènèt Kat Excelsior a nan <https://epass.ny.gov>.

Kat Tès PCR COVID-19 la valab jiska minwi nan twazyèm jou apre yon tès. Aprè Kat Tès PCR COVID-19 ou a ekspire, ou oblije fè yon nouvo tès pou rekipere yon nouvo Kat.

Kat Tès Antijèn COVID-19 la valab pou 6 èdtan apati moman yon tès. Aprè Kat Tès Antijèn COVID-19 ou a ekspire, yon nouvo tès obligatwa pou rekipere yon nouvo Kat.

Kijan pou mwen retire yon Kat nan aplikasyon Bous Kat Excelsior a?

Tanpri revize kijan pou retire yon Kat nan gid enstriksyo etap pa etap la ki pi enpòtan pou ou:

- Bous Kat Excelsior a pou iOS
- Bous Kat Excelsior a pou Android

Kisa pou mwen fè si yon bagay pase mal oswa si mwen gen plis kesyon?

Si ou toujou gen pwoblèm, ou ka ranpli [fòmilè sipò](#) Kat Excelsior a oswa kontakte Biwo Èd Excelsior a nan 844-699-7277 soti 7 a.m. pou rive 10 p.m. chak jou. Remake byen ke ekip sipò a pa gen aksè a okenn dosye sante pèsònèl e se pou sa li p ap ka bay detay espesifik sou elijibilite pèsònèl pou yon Kat.

Kijan pou mwen soumèt kòmantè sou aplikasyon an oswa sou kat la?

Si ou gen kòmantè sou Kat Excelsior a, tanpri pataje li atravè [fòmilè sipò](#) nou an.